



Pou Piblikasyon Imedya: 16/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PORT AUTHORITY MANDE OPINYON AK IDE POU  
PLATFÒM SANTRAL JFK NAN MEN KONSEPTÈ AK KONSTRIKTÈ KLAS  
MONDYAL**

*Espas Vèt Vibran Iben a izaj miks nan JFK ki rekonstri ta pral sèvi vwayajè menm  
jan ak anplwaye ayewopò yo*

*Premye Etap nan pwosesis konstriksyon an - fiti demann pou pwopozisyon ap  
resevwa enfòmasyon atravè repons*

*Li Ap Fè Vanse Pi Plis Transfòmasyon JFK pou 13 Milya Dola ke Gouvènè a Ap Fè  
Pou Li Ka Vin Tounen Yon Ayewopò Modèn, Ki Inifye*

*Ou ka jwenn demann pou enfòmasyon [Isit la](#)*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Port Authority nan New York ak New Jersey te pibliye yon Demann pou Enfòmasyon pou konsepsyon ak konstriksyon Santral JFK, yon espas ki gen apeprè 5.6 ekta, a izaj miks nan episan Ayewopò Entènasyonal John F. Kennedy ki rekonstwi. Nouvo sit sa a ofri yon twal vyèj pou kreye yon espas piblik komèsyal ak rekreatif ki santralman lokalize pou sèvi vwayajè ak anplwaye jodi a, epi pwofite de transfòmasyon pi laj nan JFK ki ankou aktyèlman.

"Ayewopò se pòt antre nan New York, epi se pou rezon sa a li tèlman enpòtan pou n transfòme Ayewopò JFK pou li vin yon espas akomodan, modèn, ak inovan pou vwayajè domestik ak entènasyonal", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "N ap avanse ak plan transfòmasyon 13 milya dola ki pral fondamantalman re-imagine ayewopò a pou 21yèm syèk la, epi kòm yon pati nan efò sa a Santral JFK pral kreye yon ayewopò ki pi inifye epi kontinye solidifye pozisyon New York kòm premye pwen antre nan peyi nou an pou rès monn lan."

Piblikasyon Demann pou Enfòmasyon an se dènye etap nan plan vizyon global 13 milya dola ke Gouvènè Cuomo a genyen pou avni JFK ke yo te devwale an Oktòb 2018. Investisman rekò sa a, 90 pousan se finansman prive, mande yon ayewopò ki inifye epi ki entèkonekte ki genyen de nouvo tèmininal entènasyonal ki gen amenajman modèn pou pasaje yo, opsyon tranpò tèrès ki konvnan yo, ak otowout ki senplifye anpil ki pral pèmèt ayewopò akomode yon ogmantasyon yo atann ki omwen 15 milyon pasaje pa ane.

"N ap fè investisman enpòtan nan Ayewopò JFK ak ayewopò atravè eta a pou amelyore ak modènize eksperyans vwayaj lan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Kòm yon pati nan transfòmasyon nou an nan JFK, plan pou yon espas a izaj miks pral ofri opòtinite komèsyal ak rekreatif pou kreye travay adisyonèl epi pi byen

sèvi vwayajè yo. Modènizasyon ayewopò a a fè pati efò global nou yo pou asire vwayaj ki pi fasil ak pi sekirize, ogmante endistri touris nan New York, epi ranfòse ekonomi nou an pou jenerasyon k ap vini yo."

Demann pou Enfòmasyon an an pral chache opinyon nan men konpayi ki espesyalize nan konsevwa, konstwi, ak opere konstriksyon komèsyal a izaj miltip oubyen espas piblik a gran echèl. Ayewopò modèn nan monn lan, sa enkli sa yo ki nan Amsterdam, Zurich, ak Sengapou, pral sèvi kòm ekzanp pou pwojè sa a, paske enstalasyon sa yo te konstwi a siksè epi yo te kenbe espas a izaj miks ki sèvi kominote ayewopò nan fason similè nan jan yo pwopoze nan enfrastrikti Santral JFK a. Itilizasyon potansyèl nan Santral JFK enkli, men li pa limite a, magazen ak restoran, sa enkli boutik tanporè ak kamyon-restoran; espas biwo; epi òf rekreyatif ak kiltirèl epi evennman pou pasaje ak anplwaye ayewopò.

Yo konstwi li anlè Sant Transpò Terès ki tou nèf lan, Santral JFK ta pral yon espas piblik ki wotman vizib ki lokalize nan mitan Ayewopò JFK an, ki asesib fasilman apati nouvo Tèminal 1 ak Tèminal 4 nan mwaye nan zòn sid nan Zòn Tèminal Santral la, epi ki sèvi tout pasaje ak anplwaye ayewopò a. Yo ankouraje repondan yo pou yo soumèt ide ak konsèp pou eleman komèsyal, eleman espas piblik, oubyen toulède.

Anplis de inifye ak makaj Ayewopò ki rekonstwi a, Port Authority ap chache eksplwate pwojè Santral JFK a pou avanse objektif relasyon kominote ki pi laj nan kad Rekonstriksyon JFK. Sa yo enkli pwomouvwa opòtinite pou antrepriz lokal, ki gen pwopriyete ki se minorite ak ki se fanm; konekte rezidan lokal a opòtinite travay nan JFK; amelyore edikasyon nan domèn aviyasyon ak STEM (Syans, Teknoloji, Jeni, Matematik); epi amelyore ayewopò a nan fason ki responsab anviwònmanalman.

**Rick Cotton, Direkte Ekzekitif Port Authority, te deklare,** "Santral JFK se yon eleman kreyatif, ki santre sou kliyan nan kesyon transfòmasyon konplè Ayewopò JFK pou l vini yon enstalasyon modèn, klas mondyal. Yo atann pou l anime platfòm santral JFK an pandan ayewopò a ap akeyi plis pase 62 milyon pasaje nan New York chak ane. Lè nou konsidere kwasans rekò ane-pou-ane ayewopò a nan kesyon kantite pasaje ak angajman ekonomik konsiderab nan kominote lokal la nan Queens, JFK pozisyone l nan yon fason inik pou l atire ak akomode opsyon komèsyal ak rekreyatif ki wotman inovan nan Santral JFK. Demann sa a ap chache atik ak pwopozisyon toupatou nan monn lan pou seryezman amelyore eksperyans pasaje nan premye pòtay entènasyonal nasyon an".

Plan Vizyon JFK Gouvènè an- ke yo te devwale inisyalman an Janvyè 2017 epi ki baze sou rekòmandasyon Panèl Konseye Ayewopò Gouvènè an - mande pou gen yon pasemen nan melimelo espas uit tèminal divèjan ayewopò a yo pou vin tounen yon Ayewopò JFK ki inifye apati: demolisyon ansyen tèminal yo, itilizasyon espas ki vid yo, ak modènizasyon enfrastrikti ki nan ayewopò a, epi kreye yon pwogram modènizasyon machandiz ki gen plizyè nivo, pandan ke yo ap enkòpore ekipman ak inovasyon teknolojik ki pi modèn yo pou pasaje yo.

Plan Vizyon an mande tou pou ogmante kantite ak gwosè pòt yo, amelyore disponiblite pakin yo, yon seri amelyorasyon nan vwa sikilasyon avyon akote yo pou pèmèt pi gwo avyon atèri epi redui anbouteyaj nan pòt yo, modènize sistèm AirTrain JFK a pou l ka

kenbe pi gran kapasite pasaje, ak ranfòse otowout ki anndan ak andeyò ayewopò a yo. Sa enkli meyè aksè a JFK apati wout rejyonal. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta New York lan te sible 1.5 milya dola nan amelyorasyon nan otowout yo ki te elabore pou redwi wout koub yo, patikilyèman nan wout Kew Gardens Interchange ak Van Wyck Expressway ak sou Van Wyck ki notwa pou anbouteyaj tou. Objektif lan se pou ede redwi tan vwayaj pou veyikil yo ant mitan vil Manhattan ak ayewopò a.

An Fevriye ki sòt pase a, Gouvènè Cuomo te anonse American Airlines ak British Airways pral investi 344 milyon dola nan Tèminal 8 JFK a pou ka elaji epi amelyore eksperyans kliyan yo nan kad plan global Gouvènè a genyen pou fè ayewopò a vin yon pòt prensipal modèn 21èm syèk nan nasyon an. An Mas, Gouvènè a te anonse jodi a ouvèti yon nouvo biwo sansibilizasyon kominotè nan Jamaica, Queens, ki pral sèvi kòm resous santral pou opòtinite travay ak kontra yo pou abitan lokal yo. An Avril, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz la nan yon plan modènizasyon kagezon ki gen plizyè nivo avèk siyati yon kontra lokasyon alontèm avèk JFK Air Cargo LLC pou devlope yon batiman jesyon modèn nan ayewopò a. An Me, Gouvènè a te anonse ouvèti Hotel TWA ki istorik, premye otèl ayewopò sou kanpis pou JFK, ki te konstwi atravè konpayi konstriksyon imobilye MCR atravè yon patenarya piblik-prive.

Anplis, nan kad reyalizasyon Plan Vizyon JFK a, JetBlue ak JFK Millenium Partners ap konstwi yon nouvo tèminal nan bò nò ayewopò a ki koute 3 milya dola, ki mezire 1.2 milyon pye kare, ki pral konekte ak Tèminal 5 aktyèl liy ayeryèn lan. Yon lòt nouvo tèminal nan bò sid ayewopò a ki koute 7 milya dola, ki mezire 2.9 milyon pye kare, pral okipe zòn nan kote Tèminal 1 ak 2 aktyèl yo sitiye, an plis de zòn ki te rete vid lan apre ke yo te demoli Tèminal 3 a an 2014. Nouvo tèminal sou bò sid lan pral devlope pa Terminal One Group, yon konsòsyòm ki gen kat liy ayeryèn entènasyonal — Lufthansa, Air France, Japan Airlines ak Korean Air Lines.

Kòm Gouvènè a te anonse an Oktòb 2018, Konsèy Konsiltatif Kominote Rekonstriksyon JFK an (JFK Redevelopment Community Advisory Council) ki konpoze de fonksyonè eli, konsèy kominote, òganizasyon a bi non-likratif, òganizasyon sivik ak lidè klèje, epi prezide pa Prezidan Awondisman Queens lan Melinda Katz ak Manm Kongrè Ameriken an Gregory Meeks, epi tap travay ansanm ak Port Authority yo pou ka elaji efò sansibilizasyon kominotè yo ki deja ap vanse, asire ke pwojè anbisye sa a solisite enpresyon ki ap kontinye nan men pati ki konsène sou plan lokal yo epi tou bay opòtinite konsiderab pou biznis lokal yo, biznis MWBE yo ak moun ki ap chèche travay yo. Sa gen ladan yon angajman anvè objektif 30 pousan itilizasyon MWBE yo ki ap mennen nan nasyon an ke Gouvènè a genyen, ki aplike pou kontra yo menm jan ak enterè finansye yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)